# ҚАРАҚАЛПАҚ УНИВЕРСИТЕТИ

№6 (542) МАРТ, 2024-ЖЫЛ WWW.KARSU.UZ

Газета 1976-жылдан баслап шыға баслады. Жоқары оқыў орны газетасы


Ақылы кәмил, илими зор,
Билимли ел болмайды қор!
Бердақ

*ҚМУ ПРЕСС*

# ХОШ КЕЛДИҢ, НАЎРЫЗ!

## ӘЛЕМ НУРҒА ТОЛСЫН СЕНИҢ МЕНЕН, НАЎРЫЗ

***Наўрыз байрамына бағышланып университетте “Әлем нурға толсын сениң менен, Наўрыз” сүрени менен Наўрыз байрамына бағышланып өткерилген сүмелек сейили менен басланып, шүлен қазан әтирапына жәмленип, улыстың уллы күни Наўрыз байрамында халқымызға тынышлық, татыўлық, аўызбиршилик тилеп, жақсы нийетлер менен сүмелек тағамын былғады.***






Сүмелек сейилинде университет ректоры А.Реймовтың басшылығында ректорат жәмәәти ҳәм факультетлердиң деканлары да қатнасып, байрам қатнасыўшыларының қуўанышына шерик болды ҳәм өзлериниң жақсы тилеклерин билдирди.

Наўрыз байрамына арналған халық сейилинде ҳәр бир факультет жәмәәти тәрепинен бирин - бири тәкирарламайтуғындай етип таярланған миллий тағамлар менен буйымларды, ҳәр қыйлы қол өнери үлгилери орын алған көргизбелерди тамашалады.

Байрамға бағышланған салтанатлы илаж университеттиң байрамға сай безелген бас имараты алдындағы майданда өткерилди. Онда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Т.Романов, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Б.Өтемуратов, миллий орайлардан бир қатар ўәкиллер ҳәм университеттиң профессор - оқытыўшылары, студент - жаслары қатнасты.

Байрам илажын университет ректоры А.Реймов ашып берди. Буннан соң, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Т.Романов жыйналғанларды байрам менен қызғын қутлықлады.

Ҳақыйқатында да, Наўрыз” улыўма халықлық байрамын университет жәмәәти, әсиресе, студент - жаслары миллий кийимлер менен әтирапқа өзгеше сән берип, бир ананың перзентлериндей беккем аўызбиршилик пенен байрамды мүнәсип белгилемекте.

Илаж даўамында ҳәр қыйлы таңлаўлар спорт жарыслары өткерилип, талантлы жаслар тәрепинен миллий үрп-әдет, дәстүрлер, аяқ - ойынлар миллетлераралық татыўлықты жырлайтуғын қосықлар атқарылды ҳәм жыйналғанларға байрам кейпиятын инәм етти.

## ОЛИЙ МАЖЛИС СЕНАТЫ БАСЛЫҒЫНЫҢ «ҲҮРМЕТ ЖАРЛЫҒЫ» МЕНЕН СЫЙЛЫҚЛАНДЫ

“Ҳаял-қызлар ҳәм ерлер ушын тең ҳуқық ҳәм имканиятлар кепилликлери ҳаққында”ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 13 - статьясына муўапық билимлендириў системасында соның ишинде, Жоқары оқыў орынларында 200




ге жақын ҳаял-қызлар ҳәм ерлер ушын тең ҳуқық ҳәм имканиятларды тәмийнлеў мәселелери бойынша мәсләҳәт кеңеси искерлиги жолға қойылған. Бүгинги күнде усы мәсләҳәт кеңеслеринде 1450 ағза искерлик алып бармақта.

Бул бағдарда Олий Мажлис Сенатында да бул мәселелерге айрықша итибар қаратылып келинбекте. Жақында Өзбекстан Республикасы Жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлиги системасындағы жоқары оқыў орынларында ең үлгили искерлик алып барып атырған 24 ҳаял - қызлар мәселелери бойынша ректор мәсләҳәтшилери парламент жоқары палатасына келип, Сенат искерлиги менен танысты ҳәм Сенаттың Ҳаял-қызлар ҳәм гендер теңлик мәселелери комитети баслығы Малика Кадирханова ҳәм Комитетте турақлы тийкарда ислейтуғын сенатор Гүлнара Маруфовалар менен ушырасыў болып өтти.

Соңғы жылларда мәмлекетимизде ҳаял-қызларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў, олардың билим алыўы ушын кең мүмкиншиликлер жаратыў, кәсип өнерге үйретиў менен бирге бәнтлигин тәмийнлеў, жәмийетимиз турмысындағы социаллық - сиясий белсендилигин асырыў, түрли тараўларда өз қәбилет ҳәм мүмкиншиликлерин әмелге асырыўы ушын шәраятлар жаратыў ўазыйпаға айланғаны, буған байланыслы Комитет тәрепинен әмелге асырып атырған жумыслар ҳаққында мағлыўматлар берилди. Ашық сәўбетлесиў түринде өткен ушырасыў даўамында 2024-жылда Гендер теңликке ерисиў стратегиясын әмелге асырыў бойынша комплекс илажлар бағдарламасында белгиленген ўазыйпалар ҳәм оларды турмысқа енгизиўдеги жуўапкершилик ҳаққында да сөз барды.

Олий Мажлис Сенатында өткерилген илажға жоқары оқыў орынларында ең үлгили ҳәм белсенди искерлик алып барып атырған бир топар Ҳаял-қызлар мәселелери бойынша ректор мәсләҳәтшилерине Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Сенаты тәрепинен «Ҳүрмет жарлығы» тапсырылды. Университет ҳаял-қызлар мәселелери бойынша ректор мәсләҳәтшиси, ф.и.к., доцент И.Сейтназарова жыл даўамында Кеңес искерлигин системалы жолға қойыўдағы белсендилиги ушын Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Сенаты баслығының «Ҳүрмет жарлығы»н алыўға миясар болды.

**ҚМУ Баспасөз хызмети.**

# ҲҮРМЕТ ЖАРЛЫҒЫ МЕНЕН СЫЙЛЫҚЛАНДЫ

Мәмлекетимизде ҳаял-қызлардың социаллық ҳәм сиясий белсендилигин асырыў, оларды ҳәр тәреплеме қоллап - қуўатлаў бойынша кең көлемли жумыслар әмелге асырылмақта. Усы мүнәсибет менен Жоқары тәлим, пән ҳәм инновациялар министрлиги тәрепинен тәлим мәкемелеринде ҳаял-қызларды социаллық - сиясий қоллап-қуўатлаў ҳәм оларды ҳуқықый мәплерин қорғаў бойынша искерлик жүргизип атырған белсенди ҳаял-қызлар ҳәм психологларға министрликтиң Ҳүрмет жарлығы тапсырылды.

Сол қатарда өз хызмет ўазыйпасына болған садықлығы ҳәм көп жыллық нәтийжели мийнети ушын ҚМУдың психологи Гүлчехра Реймбаева Ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды.

# НАЎРЫЗ БАЙРАМЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

“Наўрыз” парсы тилинде “жаңа күн”, “жаңа жыл” деген мәнилерди билдиреди. Наўрыз байрамы Орта Азия ҳәм Шығыс халықларының ески-дәстүрий жаңа жыл байрамы.

Ҳәр бир байрамның өз тарийхы болғаны сыяқлы Наўрыз байрамыда өз тарийхына ийе. Наўрыз ҳаққында баҳалы мағлыўматлар бабамыз Берунийдиң “Китоб ат тавхим”, “Әййемги халықлардан қалған естеликлер” мийнетлеринде ушырасады. Өз дәўириниң белгили философы Омар Ҳайям “Наўрызнама” китабында: “сөз қәдирин билетуғын бир достым меннен Наўрызды түсиндирип бериўин ҳәм қайсы патшаның тусында болғанлығын сорады. Усы тийкарда “Наўрызнама”ны жаздым” дейди. Ҳамал жылдың айланыс жолындағы он еки айдың (жулдыздың) бири. Жыл айланысында күн ҳәр бир жулдызды бир айда басып өтеди. Күнниң ҳамал жулдызына кириўи бәҳәр пасылының келгенлигин билдиреди. Яғный, бул ўақыт күн менен түн теңлеседи. Наўрыздың тарийхы ҳаққында әпсаналар оғада көп. Айтыўларға қарағанда, Ажам елиниң биринши патшасы Касмарс тахтқа отырғаннан кейин, жылдың ҳәр айы менен күнлерине ат қойыўға ҳәм адамлар билип алсын, деп арнаўлы жыл нама таярлаўға ҳүким еткен. Усы мақсет пенен ол ҳамал айының биринши басланған күнин айнықлап, жоқары дәрежели басшыларын жыйнап, жыл есабын усы күннен баслап жүргизиўди тапсырған.

Аңызда айтылыўынша, Касмарс жыл есабының басланыўы себепли, бул күнди жәрия еткенде 365 (366) күннен туратуғын бул жылдың ҳәр биринде 30 күн бар деп, оны 12 айға бөледи де, оларды Алла тааланың өзи жаратқан перзентлериниң аты менен атады. Кимде-ким Наўрыз байрамында кеўил хошлы жүрсе, келеси Наўрызға шекем тыныш, бийғам өмир сүреди, деген исенимде болған.

Наўрыздың келип шығыўы Әййемги Иран Патшасы Жамшидтиң аты менен де тығыз байланыслы екен. Жамшид өз патшалығының күш-қүдиретин арттырыў ҳәм халқына жақсылық ислеў мақсетинде пуқараларына кәсип өнер ҳәм исбилерменликти үйретеди. Темирден ҳәр қыйлы әскерий қурал - жарақлар, күнделик турмыста қолланылатуғын әсбап-үскенелер islетеди, жип ийирип турмысқа керекли затлар ҳәм жыллы кийимлер тоқытады. Монша, үйлер, сарайлар салдырады, адамларды емлеў ушын тәўипшилик сырларын ашады. Кеме соқтырады, егинлер ектирип, бағлар жаратады. Үлкен арбалар соқтырып, оларды жүк тасыў ҳәм барыс - келис ушын пайдаланады. Патша бундай қайырлы ҳәм саўаплы ислер менен бирге дүньяда теңи-тайы жоқ “Қырық минар” ды салдырады. Сол минардың питкен күни бәҳәрдеги күн менен түнниң теңлескен күнине туўры келеди. Усының мүнәсибетине дүньяның барлық еллеринен қонақлар шақырып, үлкен салтанатлы әнжуман өткереди. Усы имараттың ашылыў салтанаты өткерилген күн менен түнниң теңлескен күни “Наўрыз” деп бул күнди ҳәр жылы белгилеў ҳаққында шешим қабыл етиледи. Соннан баслап бул күнди Шығыс халықлары “жаңа жыл”, “жаңа күн”, “жыл басы”, “салтанатлы күн”, “тәбияттың ояныў пасылы” ретинде байрамлап келмекте.

Қайсы бир мағлыўмат ямаса әпсанаға тийкарланбайық, Наўрыздың пайда болыўы жақсылық ҳәм саўаплы ислер ислеў менен тығыз байланыслы.

Наўрыздың тәрбиялық әҳмийети де оғада үлкен – бул күни адамлар бир-бирин қутлықлайды. Жаслар ата - аналарын, жасы үлкенлерди, сондай-ақ, наўқасларды барып көреди. Бир-бири менен қапаласып қалғанлар жарасады. Адамлар бир-бирине жақсылық етиўге, шырайлы қатнаста болыўға асығады.

Шығыс халықларының жыл басы есапланған, бир неше мың жыллық тарийхқа ийе Наўрыз байрамы халқымыз тәрепинен кеңнен белгиленип, салтанатлы жағдайда күтип алынады. Сондай-ақ, бул әййям тек қуўанышлы, қызықлы ҳәм шадлы тамашалар менен ғана емес, ал, инсанлардың бир-бирине меҳир-мүриўбет, сыйласығының тымсалы сыпатында да халқымыз жүрегинен жыллы орын ийелегени менен оғада әҳмийетли.

Солай екен, шаңарақларымыздан ҳеш қашан тынышлық, татыўлық, қут-берекет арымасын, ҳәмийше шадлық, әўмет яр болып, халқымыз айтқанындай ҳәр бир күнимиз Наўрыз болып, миллий байрамымыз бәршеңизге мүбәрек болсын, қәлбимизде ийман, Ана журтымызда тынышлық мәңги сақлансын!

**А.Даўлетмуратов,**
**менеджмент ҳәм экономика тийкарлары кафедрасы доценти.**

*Әжинияз Қосыбай улының 200 жыллығы*

# БИЗ ӘЖИНИЯЗ ӘЎЛАДЛАРЫМЫЗ

Қарақалпақ халқының уллы сөз зергери Әжинияз Қосыбай улының 200 жыллығына арнап физика факультетинде “Биз Әжинияз әўладларымыз” атамасында әдебий кеше өткерилди.

Кешеге Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзалары, жас қәлемкешлер, қурылыс ҳәм физика факультетлери студентлери қатнасты.

Әдебий кешени физика факультети тьюторы Э.Бабажанов алып барды ҳәм классик шайырымыз Әжинияз бабамыздың әдебий мийрасы, өлмес шығармалары, шайырдың руўхый дүньясы ҳаққында кеңнен сөз етти.

Әжинияз Қосыбай улы XIX әсирдеги қарақалпақ классик әдебиятының ең көрнекли ўәкиллериниң бири. Әжинияз бабамыз жаслайынан-ақ, билимге зийреклиги менен танылған. Дәслеп ол Хожамурат ийшан медресесинде, кейин туўысқан дайысы Елмурат ахун медресесинде тәрбияланады. Әжинияз Хийўадағы Шерғазы хан медресеси, кейнинен Қутлымурат инақ медресеси талабасы болады. Ҳәзирги ўақытта Қутлымурат инақ медресесине кирер жерде: «Бул медреседе 1840 - 1844 - жылларда қарақалпақ классиги Әжинияз Қосыбай улы оқыған» деген жазыўлар қойылған.

Ҳақыйқатында да, шайыр шығармалары бойынша илимий - изертлеў жумыслары алып барылып, оның дөретиўшилиги еле де тереңнен үйренилмекте.

Шайырдың дөретпелери әўладлар тәрепинен үйрениледи, изертленеди ҳәм мәңги сақланып қала береди.

Әдебий кеше елимиздиң белгили шайыр - жазыўшылары ҳәм жас қәлемкешлердиң әдебий мушайрасы менен даўам етти. Өзлериниң жазған қосықларын оқып берди.

**А.Даўлетбаева,**
**имаратлар ҳәм сооруженилер қурылысы кафедрасы ассистенти.**

# ТЬЮТОР ИСКЕРЛИГИ

Тьюторлық – ҳәр тәреплеме жетик жасларды тәрбиялаўда жаңаша ҳәм нәтийжели механизм. Республикалық жоқары оқыў орынларында тьюторлық системасы енгизилгенине көп ўақыт болмады.

Президентимиздиң “Өзбекстан Республикасы Жоқары билимлендириў системасын 2030-жылға шекем раўажландырыў концепциясын тастыйықлаў ҳаққында”ғы Пәрманы ҳәм усы тийкарда қабыл етилген Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң буйрығы және Уставы жаңаша системаға тийкар болған еди. Бүгин бир қанша ЖООлар қатары Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде тьюторлық системасы жолға қойылды.

Дүньяда жүз берип атырған глобалласыў процесслери туўрыдан-туўры тәлим - тәрбия тараўы, әсиресе, жаслар менен ислесиў системасына үлкен талаплар ҳәм жуўапкершилик жүклемекте.

Өзбекстан Республикасы Президенти дүнья тез пәт пенен өзгерип, турақлылық ҳәм халықлардың беккем раўажланыўына иритки салатуғын түрли жаңа қәўиплер пайда болып атырған бүгинги күнде руўхыйлық ҳәм ағартыўшылыққа, жаслардың билим алыўы, өсип раўажланыўына итибар қаратыў ҳәр қашанғыдан да әҳмийетли екенлигин атап өтти. Демек, жоқары билимлендириў системасында студентлерди ҳәр тәреплеме жетик етип тәрбиялаў, олар менен ислесиўдиң заманагөй усылларын жаратыў ҳәм глобалласыў талапларына жуўап беретуғын нәтийжели механизмлерди әмелиятқа енгизиўди талап етип атыр. Соның ушын ҳәр бир жоқары оқыў орнының студенти оның перзентиндей болып есапланады. Студентке тәлим бериў менен бирге, сабақтан бос ўақтында нелер менен бәнт екенлиги, қандай орталықта жасаўы, оның пәнлерден тысқары қызығыўшылықлары – ҳәммеси жоқары оқыў орны ушын жүдә әҳмийетли болып есапланады.

***Тьютор – студентке ең жақын көмекши***

Жоқары оқыў орынларында студентлердиң қызығыўшылығын анықлап ҳәм оларды инабатқа алған ҳалда дурыс бағдарлаў үлкен әҳмийетке ийе. Бүгинги күнде университетимиз тьюторлар системасы студенттиң бос ўақтын мақсетли шөлкемлестириўде ўақыт кесиминде емес, бәлким саат, минут кесиминде механизмин қолланған ҳалда жаңаша руўхтағы, мотивациялық, нәтийжели әмелий ислерди атқарып келмекте. Бизге белгили, мәмлекетимиз жоқары оқыў орынлары тәрепинен атақлы стипендиялар, грантлар енгизилип келмекте. Сондай-ақ, халықаралық ямаса республикалық көлемдеги грантлар, жойбарларда қатнасып, жеңимпаз болыў имканияты да жоқары дәрежеде. Буның ушын студентти дурыс бағдарлап, олар менен системалы ислеў, ўазыйпаларды толық түрде әмелге асырыў ҳәм тьютордың билим дәрежеси ҳәм олардың пидәйылығына байланыслы.

Жоқары билимлендириў системасында студент ҳәм пән оқытыўшысы ортасында болатуғын жағдайларда да мүнәсибетлерди муўапықластырыўда тьюторлардан белсендилик, яғный студент ҳәм оқытыўшы менен индивидуал сәўбетлесиў, ҳәр қандай жағдайға анықлық киргизиў, нәтийжели шешим табыў талап етиледи.

**Ф.Есенбекова,**
**математика факультети тьюторы.**
**(Даўамы 3-бетте.)**

# ЕВРОПАДА ӨТКЕН АЛТЫН ДӘЎИРИМ

*"Мен Европада көп адамлар менен ушырастым. Мен ҳәтте, өзимди де билип алдым"* **- Джеймс Болдуин.**

***Биз сезимлеримизди, ой-пикирлеримизди ҳәм ядқа түсириўлерди сүўретлеў ушын сөзлерден пайдаланамыз. Айырым адамлар болса, сөзлерден сондай шеберлик пенен пайдаланады. Ҳәтте, бул сөзлерди еситкен адамлар иллюзияны бастан кеширеди яғный көз алдына келтирип, олар сизди мүмкиншиликсиз болып түйилген затларға исендиреди. Нельсон Мандела «Егер сиз адам менен олар түсинетуғын тилде сөйлесип атырған болсаңыз, сиз оның пикири менен сөйлесесиз. Егер сиз ол менен оның тилинде сөйлессеңиз, сиз оның жүреги менен сөйлесесиз» деген еди. Тил билген — ел биледи дегендей менде ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң халқының жасаў турмысы, дәстүри, тәлим системасы, раўажланыўы менен танысыў мақсетинде өз алдыма инглис тилин үйрениўди мақсет еттим ҳәм мақсетиме ерисип, тил билимин анықлаў бойынша IELTS сертификатын алыўға миясар болдым.***



Әлбетте, раўажланған шет ел мәмлекетлерине саяхат етиў бизлердиң сана сезимимизди, дүньяға көз қарасымызды кеңейтеди, билимимизди асырыўға жәрдем береди. Халқымызда «Саяхат инсанды өзгерттиреди, өсиў ҳәм раўажланыўына жәрдем береди. Саяхат - бул заманагөй дүньядағы ең жақсы тәлим!» деген.

Өзимниң инглис тилин билиў мүмкиншилигимнен пайдаланып, өз мақсетиме ерисиў ушын ҳәр қыйлы шет елде тәлим алыў бойынша грант дәстүрлерине, студент алмасыў (мобильлик), шет ел жазғы әмелиятларына өз ҳүжжетлеримди тапсыра басладым. Олардың көпшилигинен унамсыз нәтийже алғанлығыма қарамастан, өз мақсетиме ерисиўден тоқтамадым. Себеби, грант дәстүрлерге ҳүжжет тапсырыў арқалы мен ҳеш нәрсе жойытпадым, керисинше тәжирийбем артып атырғанлығын сезетуғын едим. 2023-жылы бәҳәр айында бул урынысларым өз нәтийжесин берип, Словакия Республикасы ҳәм Европа аўқамы тәрепинен қаржыландырылатуғын «Словакия Республикасы Миллий стипендия» дәстүринен 2500€ пул муғдарындағы грантты утып алыўға миясар болдым. Бул дәстүр маған бир семестр даўамында Словакия Республикасында оқыў имканиятын берди. Грант дәстүриниң нәтийжелери жәрияланғанда өзимди жеңимпазлар қатарында көрип жүдә қуўандым. Себеби, енди маған пүткил Европа есиклери ашылған еди.

Сентябрь айынан баслап Словакия пайтахтында жайласқан Топ-500 ликке кириўши Коменский университетинде оқыўымды басладым. Европа оқыў процеси ҳаққында айтып өтетуғын болсам, ол жерде де кредит - модуль системасы терең енгизилген. Университеттеги оқыў ханалары заманагөй компьютер қураллары менен толық тәмийнленген.

Сондай-ақ, студентлердиң билим алыўы ҳәм илимий жумыслар үстинде еркин шуғылланыўы ушын барлық мүмкиншиликлер жаратылған. Химиялық лабораториялардың барлығы заманагөй физикалық изертлеў үскенелери менен тәмийнленген ҳәм ол жерде химиялық бирикпелерди синтез ҳәм анализ ислеў ушын толық мүмкиншилик бар. Студентлер мәжбүрий пәнлерден тысқары, таңлаў пәнлерин яғный өзлери қызыққан пәнлерди таңлап оқыйды. Буннан тысқары, студентлер ҳәптелик сабақ кестесин өзлериниң ўақытларына сәйкес дүзе алады. Оқыў ҳәптесине 5 күн болыўына қарамастан, өзиңиздиң қәлеўиңизге муўапық 3 күнге яки 4 күнге жыйнап оқыўға болады. Мысалы, мен 4 күнге сабақларымды қойдырып алдым, себеби, ҳәптениң ақырғы күнлерин өз бетинше жумысларыма ҳәм саяхат етип, дем алыўға жумсаўды қәледим. Сабақлар азанғы 7:30 дан басланып, кешки 20:30 ға шекем даўам етеди, стандарт сабақ даўамлылығы 90 минут, бирақ көпшилик профессорлар лекция менен қосып семинар сабағын да өтиўди мақул көреди. Егер бир сабағыңыз азанда болса, екиншиси түстен кейин болыўы да мүмкин. Ортадағы бос ўақытларымда илимий лабораториялары менен танысып, сол жерде тәжирийбелер өткердим. Профессор - оқытыўшылар менен студентлердиң қарым - қатнасы еркин, бирақ еки тәрепleme де бир-бирине деген үлкен ҳүрмет бар екенлигин көрип ҳайран қалдым. Мени ҳайран қалдырған және бир нәрсе, бул студент жасларының жүдә жуўапкершиликлиги. Лекция сабақларына қатнасыў мәжбүрий емеслигине қарамастан, ҳәммеси өзлери ушын сабақларға қалмай қатнасады. Дәстүр даўамында тәжирийбели профессор-оқытыўшылардан билим алып, лабораторияларда заманагөй әсбап - үскенелерде ислеп өз тәжирийбелеримди арттырдым. Буннан тысқары, ҳәр түрли илимий фестивалларға да қатнастым.

Бул грантты утқаным, раўажланған Европа мәмлекетинде, тәжирийбели профессор-оқытыўшылардан билим алыў менен бирге, көплеген халықаралық дослар арттырыў, басқа халықлардың мәдениятын үйрениў ҳәм Европа бойлап саяхат етиў имканиятларын берди. Словакияда студентлерге жүдә көплеген жеңилликлер жаратылған. Мысалы, бизлер студент болғанлығымыз ушын Словакияның ишинде темир жол транспортынан бийпул пайдаланыў ҳуқықына ийе едик. Соның нәтийжесинде, Словакияның ҳәмме қалаларына саяхат етип, мәдениятын тарийхый орынларын үйренип шықтық. Көпшилик хызмет көрсетиў орынларында 50% ке шекем шегирмелер бар болып, бул бизлер ушын жүдә қолайлы. Дем алыс күнлеринде досларымыз бенен Франция, Италия, Испания, Чехия, Австрия, Венгрия ҳәм 10 нан аслам қалаларға саяхат етип, кеўилли дем алып қайттық.

Әсиресе, әййемги тарийхый Рим, Вена, Париж қалалары бизлердиң өмиримизде өшпес из қалдырды. Европа қалалары, тәбияты сондай сулыў, оны сөз бенен айтып ямаса камера менен түсирип жеткерип бериў қыйын. Халқының мәденияты жүдә жоқары дәрежеде, адамлары сондай ашық, ҳәр дайым қолынан келгенше жәрдемлесиўге таяр турады. Словаклар саламат турмыс тәризине жүдә әмел етеди. Өзлериниң руўхый саламатлығын жумысынан үстин қояды ҳәм дем алысын кеўилли өткериўге үлкен итибар қаратады. Дем алыс күнлери шаңарақ ағзалары менен таўларға шығады яки басқа мәмлекетлерге саяхат етеди. Басқа халықлардың мәдениятларын үйренип ғана қоймай бизлер де Қарақалпақ халқымыздың мәденияты менен халықаралық досларымызды таныстырдық. «Халықаралық тағамлар» фестивалында биз де миллий тағамларымыз гүртик ҳәм баўырсақ писирип қатнастық. Ҳәмме бул тағамлардың мазалы екенлигин көрип, қандай етип таярланыўы ҳаққында қызығыўшылықларын билдирди.

Европада өткерген 6 ай ўақтым, өмиримдеги ең есте қалатуғындай дәўирим болды. Елимниң бахытлы жасларының бири сыпатында айтпақшы болған пикирим, мениң бул грантты жеңип алғаным өмирге болған көз-қарасымды кеңейтти. Бул ўақыт аралығында мен ҳәм илимий жақтан ҳәм өмирлик тәжирийбелерге ийе болдым.

Әлбетте, бул жолда ата-анамның ҳәм устазларымның исеними ҳәм қоллап-қуўатлаўлары жәрдем берди.

Теңлеслериме, өз үстинде көбирек ислеп, терең излениўлерин ҳәм шет тиллерин жоқары дәрежеде меңгерип, сырт ел грантларын жеңип алып, раўажланған шет ел мәмлекетлерине саяхат етип, олардың мәденияты, дәстүрлери ҳәм заманагөй технологиялары менен танысыўын мәсләҳәт еткен болар едим. Әлбетте, аңсатлық пенен ҳеш нәрсеге ерисип болмайды. Өз алдыңа дурыс ҳәм анық мақсет қойып, сол мақсетиңе ерисиў ушын ҳәрекет етсең, әлбетте арзыў әрманларын орынланады. Демек, ҳәрекет, ҳәрекет және ҳәрекет!!! Ҳәрекет етиўден тоқтамаң!

**Гүлнара Чимбергенова,**
**химия-технология факультети 4-курс студенти.**

# ТЬЮТОР ИСКЕРЛИГИ

**(Басы 2-бетте.)**

Бул бир тәрептен, машқала үлкейип кетиўиниң алды алынса, басқа тәрептен, жоқары оқыў орынларында түрли иллетлер – турпайы мәмиле, дәмегөйшилик, биреўдиң кеўлине тийиў, мәжбүрлеў, қорқытыў, ишки тәртип ҳәм әдеп - икрамлылық қағыйдаларына бойсынбаў сыяқлы жағдайлар жүзеге келиўине тосық болады. Өз нәўбетинде, бул процесслерде усы система хызметкерлери мәмлекетимизде алып барылып атырған “Коррупциясыз тараў” тәртибинде ҳәм жоқары оқыў орынларында саламат руўхый орталықты тәмийинлеўдей үстинлик берилген ўазыйпаларды әмелге асырыўға өз үлесин қосыўы анық.

Бүгинги күнде өзим жумыс алып барып атырған математика факультетинде жәми 1304 студент жаслар оқып билим алып атырған болса, оларға 70 тен аслам профессор-оқытыўшылар тәлим-тәрбия берип келмекте. Оларға илим докторы, илим кандидаты, үлкен оқытыўшы ҳәм ассистент - оқытыўшыдан ибарат тәжирийбели профессор - оқытыўшылар өз бағдарлары бойынша билим берип келмекте.

Жуўмақлап айтқанда, тез пәт пенен раўажланып атырған дәўирдиң өзи жаслар тәрбиясы мәселесинде алдын болмаған жаңа ўазыйпаларды әмелге асырыўды талап етпекте. Әйне усы бағдарда жаслар менен туўрыдан - туўры жақыннан ислесетуғын тьюторлар, Ата-аналар кеңеси, устаз-шәкирт системасы ҳәм Жаслар аўқамы шөлкеминиң орны ҳәм жуўапкершилигин арттырыў ҳәр қашанғыдан да әҳмийетли.

Соның менен бирге, бүгин мәмлекетимиз жаңа мақсетлер менен раўажланыўдың жаңа дәўирине қәдем қоймақта. Солай екен, бүгинги күн жасларын Үшинши Ренессанс идеясы тийкарында Ўатанға садықлық руўхында тәрбиялаў, оларды ғәрезсиз кәсиплик руўхый турмысқа таярлаў, тәлим - тәрбия мәкемелериниң барлық буўынларында жумыс алып барып атырған оқытыўшы, устазлар ҳәм тьюторлардың искерлигине байланыслы.

**Ф.Есенбекова,**
**математика факультети**
**тьюторы.**

*Яднама*

# УСТАЗДЫ ЕСЛЕП...

Ҳәр бир инсан бул дүньяға келер екен ержете келе белгили бир қәнигелик ийелеўди, белгили бир кәсиптиң маманы болыўды алдына мақсет етип қояды ҳәм сол мақсетине жетиў ушын талпынады. Соң, сол кәсиптиң маманы болып, ел халыққа пайдасын тийгизсе, әсиресе, илим-билимниң раўажланыўына үлес қосса, ондай инсанның исми ҳеш қашан умтылмайды.

Усындай инсанлардың бири-химия илимлериниң кандидаты, доцент Муратбай Исмайлов еди. Ол 1944-жылы 18-мартта Шымбай районының алыс аўылларының биринде туўылған. Жаслайынан зейинли болып өседи. Мектепте оқып жүрген ўақытларында барлық сабақлардан жақсы оқыйды. Әсиресе, тәбийий пәнлерге жүдә қызығады. Усы қызығыўшылық оны Нөкиске жетелеп келеди. 1960-жылы улыўма билим бериў мектебин питкерип сол жылдың өзинде Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының химия - биология қәнигелигине оқыўға киреди. Бул институтты 1965-жылы табыслы тамамлағаннан соң, ол мийнет жолын Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының зоология кафедрасында үлкен лаборант болып ислеўден баслайды.

М.Исмайлов 1965-66-жылларда Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң тәбият илимлери комплекси институтының химия лабораториясы лаборанты болып, 1966-68-жыллары киши илимий хызметкер болып ислейди.

1968-1970-жыллары Ташкент целлюлоза химия ҳәм технологиясы институтының стажёр-изleniўшиси, 1970-73-жыллары Ташкент целлюлоза химия ҳәм технологиясы институтының аспиранты болып, химия илимлериниң докторы, профессор Б.И.Айходжаев басшылығында «Целлюлоза ацетатларының концентрленген еритпелериниң қәсийетлерине айырым факторлардың тәсирин изертлеў» темасында кандидатлық диссертациясын табыслы қорғап шығады.

М.Исмайлов 1973-1978-жыллар аралығында Өзбекстан Республикасы илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң тәбият илимлери комплекси институтының химия лабораториясында илимий хызметкер болып жумыс алып барады. Устазлық дәўирин 1978 - жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң химия кафедрасында ассистент оқытыўшылықтан баслайды. Соң, 1988-жылдан «Ноорганик ҳәм физикалық коллоид» кафедрасының баслығы, 1993-жылдан доцент лаўазымында «Физикалық ҳәм коллоидлық химия» кафедрасының баслығы болып ислейди.

М.Исмайлов 4 авторлық гүўалықтың, 40 дан артық сабақлық, оқыў қолланба ҳәм оқыў - методикалық жумыслардың авторы. М.Исмайлов заман талабына сәйкес жоқары оқыў орынларының студентлери, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери оқыўшылары ушын оқыўлық ҳәм методикалық қолланбалар таярлаған. Оның 1992-жылы «Органикалық бирикпелерди тазалаў ҳәм ажыратыў усыллары» ҳәм «Хроматографиялық анализ», 1993-жылы «Билим» баспасынан көлеми 3 баспа табақ болған «Тест, физика, химия, биология», 2003-жылы «Химиядан мәселелер шешиў усыллары» ҳәм «Химиялық кинетика ҳәм металлар химиясы», 2005-жылы «Билим» баспасынан көлеми 5 баспа табақ болған «Улыўма химия» атамасындағы методикалық қолланбалары баспадан шықты. Ол 1972-жылы «Целлюлоза ацетат талалары ҳәм плёнкаларды ислеп шығарыў усыллары» бойынша авторлық гүўалығы, 1974-жылы «Прядильный раствор» патентине авторлық гүўалығы, 1984-жылы Т.Г.Шевченко атындағы Киев мәмлекетлик университетиниң профессор - оқытыўшылары менен биргеликте ислеген «Тиазольные аналоги изофлафонов, обладающие противовоспалительной активностью» атлы жумысына авторлық гүўалықларға ийе ҳәм 2005-жылы «Бентонитларнинг сувли суспензияси асосида барқарорлаштирувчи ва структура ҳосил қилувчи моддалар қушиш билан олинадиган ҳаракатланувчи кумларни мустахкамловчи қобиқни фитомилерация билан бирлаштиришнинг оптимал шароитларини ишлаб чиқиш» проектин ислеген. М.Исмайлов 2000-жыллардан баслап өмириниң ақырына дейин Қарақалпақстандағы көшпе қумлар ҳаққында ҳәм көшпе қумларды иркиў усылларын излеп табыў ҳәм әмелге асырыў қумлы зоналарды өзлестириўдиң ең түпкиликли ҳәм әҳмийетли мәселелери бойынша илимий изleniўлер алып барды.

М.Исмайлов 2009-жылы қайтыс болды. Ол 1978-жылдан баслап өмириниң ақырына шекем Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде студент жасларға химия пәниниң сырларын жалықпастан үйретип, тәлим - тәрбия берди. Оның оқытқан шәкиртлери бүгинги күнде республикамыздың экономикасының раўажланыўына өзлериниң салмақлы үлеслерин қосып келмекте. Шәкиртлери Муратбай ағаны кишипейил, жанкүйер, мийнеткеш инсан сыпатында еслейди ҳәм оны ҳеш қашан умытпайды.

М.Исмайлов изленийшең илимпаз, мыңлаған жасларддың сүйикли устазы, жанкүйер педагог болыў менен бирге әжайып шаңарақ басшысы, меҳрибан әке де еди. Өмирлик жолдасы (марҳум) Турсынгүл Арзиева менен бирге он перзентти дүньяға келтирип, камалға келтирди. Ул-қызларының бәрин оқытты, жоқары мағлыўматлы етти. Уларын уяға, қызларын қыяға қондырған. Перзентлериниң барлығы өз маманлығы бойынша жемисли мийнет етип атыр. Уллары Әлийшер, Бахтияр ҳәм ақлығы Ислам Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде устазлық кәсипти даўам еттирип келмекте. Өз гезегинде бизде оларға илимий - педагогикалық жумысларында табыслар тилеймиз.

Илим жолының ийне менен қудық қазғандай қыйын екенин билемиз әлбетте. Усы қыйын жолларды басып өткен илимпаз, химия илимлериниң кандидаты, доцент М.Исмайлов егер тири болғанында быйыл сексенинши бәҳәрин қарсылаған болар еди. Ол өзиниң изинде қалдырған көплеген илимий мийнетлери, китаплары, перзентлери ҳәм олардан өрбиген үрим-путағы менен бүгин екинши өмирин жасап атыр. Бундай инсанлар ҳеш қашан умытылмайды.

**Замира Ережепова,**
**Журналист.**

# ТУТЫНЫЎШЫЛАР ҲӘР ДАЙЫМ ҲАҚ!

Инсан - тутыныўшы. Ол дәрамат табыў менен байланыслы болмаған ҳалда жеке тутыныў мақсетинде товар сатып алыўшы, хызметлерге буйыртпа бериўши ямаса сондай мақсетке ийе болған физикалық шахс, пуқара.

Тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў ҳәрекети Америка Қурама Штатларынан баслама алып, XX әсирдиң 60-жылларында усы ҳәрекет АҚШ нан Европаның көплеген мәмлекетлерине тарқалды. 1968 - жылда тутыныўшылардың көплеген улыўма миллий ҳәм жергиликли бирлеспелери Америка тутыныўшылар Федерациясына бирлести. Федерация штаб - квартирасы Вашингтонда жайласқан. Оның тийкарғы мақсети – тутыныўшыларды қорғаў бойынша дәстүрлерди муўапықластырыў (координация етиў), яғный товарлардың төмен сыпатта болыўын, азық-аўқат өнимлерине, хызметлерге, электроэнергия ҳәм жанылғыға қойылатуғын баҳалардың көтерилип, қымбатлап кетиўиниң алдын алыўдан ибарат болады.

Бүгинги күнде тутыныўшылар ҳуқықлары дегенде товар ҳәм хызметлерди сатып алыў, пайдаланыў менен байланыслы болған тийкарғы алты ҳуқық түсиниледи: мағлыўмат алыў ҳуқықы, қәўипсизлик ҳуқықы, таңлаў ҳуқықы, тыңланыў ҳуқықы, жеткизилген зыянды өндириў ҳуқықы, тутыныўшылық тәлим ҳуқықы.

1960-жыл 1-апрельде дүзилген Халықаралық тутыныўшылар шөлкеми (Consumers International) ҳәзирги күнде өз әтирапына 120 мәмлекетте 250 жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик шөлкемлерди бирлестирген болып, тутыныўшылар ҳуқықларын тийкарғы мүтәжликлерди қанаатландырыў ҳуқықы, саламат қоршаған орталық ҳуқықы менен және де толықтырды.

Өзбекстан Республикасында тутыныўшылардың ҳуқықлары ҳәм мәплери 1996-жылы 26-апрельде қабыл етилген "Тутыныўшылар ҳуқықларын қорғаў ҳаққында"ғы Нызам менен беккемленди. Атап айтқанда, усы нызамның 4-статьясында тутыныўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе екенлигин билип алыўымыз мүмкин:

- товар, хызмет ҳаққында, сондай-ақ, ислеп шығарыўшы, орынлаўшы, сатыўшы ҳаққында дурыс ҳәм толық мағлыўмат алыў;
- товар, хызметти еркин таңлаў ҳәм оның тийисли дәрежеде сыпатлы болыўы;
- товар, хызметтиң қәўипсиз болыўы;
- өмири, денсаўлығы ҳәм мал-мүлки ушын қәўипли нуқсаны болған товар, хызмет, сондай-ақ, ислеп шығарыўшы, орынлаўшы, сатыўшының нызамға қарсы ҳәрекети (ҳәрекетсизлиги) себепли жеткизилген материаллық зыян, руўхый зыянның толық көлемде қапланыўы;
- бузылған ҳуқықлары яки нызам менен қорғалатуғын мәплерин қорғаўды сорап, судқа ямаса басқа ўәкилликли мәмлекет органларына мүрәжаат етиўи;
- тутыныўшылардың жәмийетлик бирлеспелерин дүзиў.

Тутыныўшылардың жоқарыда көрсетилген ҳуқықларын еле де табыслы қорғаў ҳәм оларға ҳуқықый жәрдем көрсетиў мақсетинде 2019-жыл 11-сентябрьде Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Тутыныўшылар ҳуқықларын қорғаўдың ҳуқықый ҳәм институционал системасын түптен жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"ғы Пәрманына муўапық Монополияға қарсы гүресиў комитети жанында Тутыныўшылар ҳуқықларын қорғаў агентлиги шөлкемлестирилгенлиги бул тараўдағы ис-илажлардың еле де жеделлестирилиўине хызмет етип келмекте.

**А.Уралбаева,**
**юридика факультети студенти.**

**ҚАРАҚАЛПАҚ УНИВЕРСИТЕТИ**

**РЕДАКТОР ЖАМИЛА ЖАРИМБЕТОВА**

**ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИ:**
**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти**
**Мәкан жайымыз: Нөкис қаласы, Ч.Абдиров көшеси, 1-жай.**

**Автордың пикири редакцияның пикири есапланбайды. Фактлердиң ҳақыйқатлығына автор жуўапкер. Материаллар рецензияланбайды ҳәм қайтарып берилмейди.**

**Басып шығарыўшы: Газета «Golden Print Nukus» жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң баспаханасында басылды. 230100.Нөкис қаласы, Н.Сараев көшеси, 1-жай**

**Газетаны жазылыўшыларға жеткериўде факультетлер деканаты жуўапкер.**

**КАЛМЕНОВА ПЕРИЗАТ тәрепинен версткаланды.**

**№616-буйыртпа менен басылды**

**Баҳасы шәртнама тийкарында. Газета А-3, А-4 форматында айына еки мәрте шығады. Тиражы 500 дана.**

**Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында қайта 2007-жыл 12-мартта дизимге алынды. Гүўалық №01-017**

**ИНДЕКС: Пуқаралар ушын 2020. Кәрханалар ушын 2021**
**Басыўға руқсат етилген ўақты 28-Март, 2024-жыл**